


Tasha M. Mosley
Pwokirè Distri a
Sikonskripsyon Jidisyè Clayton nan



14 fevriye 2022

Chè Prenon Siyati:

Pwokirè Distrik a, Tasha M. Mosley ak tout estaf li a konprann ke yon moun ki viktim yon krim ki grav kapab santi li boulevèse pa rapò ak krim nan, epi li kapab santi li boulevèse pa rapò ak sistèm jistis penal la tou. Pwogram Èd pou Temwen ak Viktim nan (Victim Witness Assistance Program, VWAP) fèt pou ede viktim yo konprann pwosesis jistis penal la.

Inite Èd pou Viktim ki nan biwo Pwokirè Distri Konte Clayton nan fonksyone anba VWAP. Nou pran angajman pou nou bay sèvis gratis pandan tout pwosesis jistis penal la. Sèvis nou yo genyen, men se pa sa ki ladan sèlman, defann viktim yo dapre Deklarasyon Dwa Viktim Krim yo (Crime Victims' Bill of Rights), edike viktim yo sou pwosesis jistis penal la, avèti viktim yo de odyans tribinal ki pwograme yo epi sipòte viktim yo sou plan emosyonèl pandan pwosesis sa a.

Pou w ka pèmèt nou ba ou enfòmasyon yo alè, tanpri ranpli Fòm Demann Notifikasyon an, Fòm Preferans pou Kontakte Viktim Krim nan, Deklarasyon Konsekans sou Viktim Krim nan ak Fòm Dedomajman pou Konsekans sou Viktim nan ki nan anvlòp la. Voye dokiman sa yo tounen an pèsòn nan biwo nou an, pa kourye lapòs oswa pa faks. Depi dosye w la al jwenn Tribinal Siperyè a, y ap ba ou yon Defansè Viktim (Victim Advocate) ki pral akonpanye w jiskaske dosye w la fèmen. Apre sa, tanpri voye tout kesyon yo bay Inite Èd pou Viktim nan (The Victim Assistance Unit) nan (770) 603-4110, lendi pou vandredi, 8:00 A.M. - 5:00 P.M. N ap byen kontan ede w, kenbe w okouran de sitiyasyon dosye w la ak/oswa refere w bay lòt ajans nan konte a ki kapab ede w plis.

Ak tout kè mwen,
Inite Èd pou Viktim nan (The Victim Assistance Unit)
Biwo Pwokirè Distrik a
Sikonskripsyon Jidisyè Clayton nan

Sant pou Jistis Harold R. Banke (Harold R. Banke Justice Center),
9151 Tara Blvd., 4yèm Etaj, Jonesboro, GA 30236
(770) 477-3450
Nimewo FAKS (770) 477-4577

An konfòmite ak Deklarasyon Dwa Viktim Krim Georgia yo (Georgia Crime Victims' Bill of Rights), Pwogram Èd pou Temwen ak Viktim Pwokirè Distri a genyen an pa fè diskriminasyon kont moun oswa gwoup sou baz ras, koulè, relijyon, sèks (tankou gwosès, idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl), orijin nasyonal, laj, andikap oswa enfòmasyon jenetik. Si w kwè ou te sibi diskriminasyon, ou gen dwa depoze yon plent dwa sivil. Ou ka jwenn enfòmasyon sou fason pou depoze yon plent dwa sivil sou sit entènèt Biwo Pwogram Jistis la (Office of Justice Programs). <http://www.ojp.gov/about/ocr/complaint.htm> Epi tou, yo ka siyale plent oswa enkyetid yo bay Konsèy Kowòdinasyon Jistis Penal la (Criminal Justice Coordinating Council) nan (404)657-1956 oswa 104 Marietta St, Suite 440 Atlanta, GA 30303 epi mande pou Direktè Pwogram Inite Èd pou Viktim nan.